NEW RENAISSANCE international scientific journal
ResearchBib IF - 11.01, ISSN: 3030-3753, Volume 2 Issue 5

# QARAQALPAQ XALÍQ DÁSTANLARÍ

**Dilbar Abdramanova**
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı
Nókis filialı Folklor hám etnografiya qániygeligi studenti.

https://doi.org/10.5281/zenodo.15558962

***Annotaciya.*** *Bul maqalada xalıq awızeki dóretpeleriniń iri janrlarınıń biri bolǵan* ***dástanlar*** *haqqında sóz etiledi. Onıń kelip shıǵıwı, turleri, aytılıwı, tarqalıwı, janrlıq qásiyertleri, folklorda tutqan ornı hám ahimiyeti. Dástanlardıń ózine tán qásiyetleri hám onıń jırawlar hám baqsılar tárepinen atqarılıw sheberliginiń xalıqqa jetip barıwındaǵı ahimiyeti tuwralı maǵlumat beriledi.*

***Gilt sózi:*** *Folklor, xalıq dóretiwshiligi, dástúriy kórkem óner, milliy miyraslar, epos, dástan, kórkem ádebiyat, qaharmanlıq dástan, ashıqlıq dástan, sociallıq-turmıs máselelerin sóz etiwshi dástanlar, tariyxiy dástanlar.*

Xalıq dóretiwshiliginiń kólemli hám qızıqlı janrlarının biri ***dástanlar*** bolıp tabıladı.

Dástanlar janrlıq tábiyatı hám belgileri boyınsha epikalıq túrge kiredi. Folklor iliminde xalıq dastanların epos degen termin menen de júritedi. Qaraqalpaq folklorınıń iri kólemli dóretpesi bolg`an da`stanlar qaraqalpaq jırawlarınıń toy-tamashalarında aytılatuǵın negizgi repertuarı bolg`an.

Qaraqalpaqlarǵa **"dástan"** degen túsinik ádewir erterekte taraǵan bolıp, dástandı kóbinese awızsha atqarılatuǵın shıǵarmalarǵa paydalanılsa, "qıssa" sózi jazba túrindegi shiǵarmalarǵa qollanıladı.

Jırawlar repertuarındaǵı dástanlar batırlar jırı bolıp tabıladı. Dástanlarda kóshpeli dáwir, urıwlıq qatnas, xalıqtıń kún-kórisi sóz etiledi. Biraq tiykarǵı orındı gúres, batırlıq urıs, yar jolında ózin qurban etiw, jer-suw jaylaw ushın talaslar tutadı. Dástanlardıń dóreliw protsessine názer awdarǵanımızda dáslep jıraw-baqsı, shayırlar bir ǵana qaharmannıń erlik isleriniń ayırım epizodların yaki eposlıq poemalardiń bir bólegin dóretken al soń tıńlawshılardıń talabı boyınsha onı jańa epizodlar menen tolıqtırıp, keńeytıp otırǵan. Solay etip, úlken eposlıq poemalar payda bolǵan degen pikir I.Saǵiytovtıń "Qaraqalpaq xalqınıń qaharmanlıq eposı" degen miynetinde berilgen. Dástanlardıń mazmunınan ertek, ańız, jılnama, mif, ayırım batırlardıń erlik isleri, adamlardıń muń-zarı, ármanı, tariyxiy waqıyalar hám basqa da turmıs shınlıǵına sáykes elementlerdi kóremiz. Qaraqalpaq folklorındaǵı dástanlar tariyxiy shınlıq penen baylanısqan halda bir neshshe dáwirlerge bólinedi.

Dástanlardıń syujeti qızıqlı hám shiyelenisken waqıyalarga qurıladı. Olarda el dep eńiregen erlerdiń batırlıq isleri, yamasa óz muhabbatına sadıq bolgan ashıqlardıń tágdirleri jırlanadı. Xalıq dástanlarında waqıyalar kóbinese birgelki baslanadı, izbe-iz, basqıshpa-basqısh rawajlanadı hám tabıslı, jenisli ayaqlanadı. Mısalı, "Alpamıs", "Máspatsha", "Ǵárip-ashıq" sıyaqlı qaraqalpaq xalıq dástanlarında syujetler usi tartipte rawajlanadı ham juwmaqlanadı. Xalıq dastanlarınıń syujetleri kóbinese qosıq turinde, ayırım dástanlarda qosıq hám qara sóz benen aralas bayanlanadı.

Dástanlarda xalıqlardıń óz watanın súyiwshiligi haqlıq hám ádilliktiń jeńiwi úlken isenim menen súwretlenedi. Bul dástanlar xalıqtı dushpanlarına qarsı gúresiwge hám watandı qorǵawǵa shaqıradı. Dástanlar bizge kóp zamanlardan beri áwladtan áwladqa, awızdan awızǵa ótip kelgen hám usı kúnge shekem saqlanıp qalǵan.

Ertek hám qosıq sıyaqlı dástanlar da xalıq poeziyası bolıp esaplanadı. Dástanlar tiykarınan qosıq túrinde hám azı-kem prozalıq bayanlaw tiykarında dóretiletuǵın shıǵarmalar.

Ádette, olardı baqsı, jırawlar jırlaydı. Qaraqalpaqstannıń barlıq jerlerinde, ásirese, Shımbay, Xojeli rayonlarında talantlı baqsı, jırawlar kóp bolǵan. Olardan Qurbanbay, Xojambergen, Nurabulla, Qıyas hám taǵı basqalar. Xalıq dástanları dáslebinde doretiwshilik talantqa iye jıraw yaki baqsı tarepinen júzege keledi. Turkiy xalıqlardıń dastanları saz ásbapları (qobız, duwtar dombıra) járdeminde atqarıladı. Dástanlardıń atqarıwshıları qaraqalpaqlarda jırawlar, baqsılar, ózbeklerde, túrkmenlerde baxshilar, qazaqlarda aqınlar yamasa jırshılar dep ataladı.

Qaraqalpaq dástanları óziniń mazmunı hám ideyalıq baǵıtına qaray tórtke bólinedi.

1. Qaharmanlıq dástanlar.
2. Ashıqlıq dástanlar.
3. Sociallıq-turmıs máselelerin sóz etiwshi dástanlar.
4. Tariyxiy dástanlar.

Bul qaraqalpaq dástanları bir neshe ásirler dawamında ómir súriwi nátiyjesinde bizge shekem rawajlanıp hám atqarılıp kelingen. Dástanlardıń formasındaǵı hám mazmunındaǵı ózgerisler ástelik penen uzaq dáwirler dawamında payda bolǵan.

Bular formalıq jaqtan bir-birine uqsas bolǵanı menen waqıya qurılısı hám syujetlik mazmunı boyınsha bir-birinen ayırılıp turadı.

1) Qaharmanlıq dástanlarda tınısh otırǵan elge, sırtqı dushpanlardıń topılısı, olarǵa qarsı xalıq batırınıń gúresi sóz etiledi. Mısalı, “Alpamıs”, “Qırq qız”, “Qoblan” hám basqa dástanlar.

2) Al liro-epikalıq (ashıqlıq) dástanlarda shańaraq qurıw, turmıslıq másele sóz boladı. Buǵan “Ǵárip-ashıq”, “Sayatxan-Hamra”, “Yusup-Zliyxa” dástanları kiredi.

3) Sociallıq-turmıslıq dástanlarda turmıstıń ishki qarama-qarsılıqları sóz etiledi. Buǵan “Sháryar” dástanı kiredi.

4) Tariyxıy dástanlarda tariyxta bolǵan waqıyalar hám adamlar haqqında sóz etiledi.

Dástannıń bul túrine “Edige”, “Er Shora” h.t.b. kiredi.

**Qaharmanlıq dástanlar** (bular “Batırlar jırı”, “Qaharmanlıq epos” dep te ataladı).

Qaharmanlıq dástanlarında batırlıq, el qorǵaw, sırtqı dushpanǵa qarsı gúres, xalıq ómirine zıyan tiygizetuǵın basqa da hár túrli nárselerge qarsı atlanıs tiykarǵı tema sıpatında sóz etilip, turmıstıń basqa hádiyseleri usı tiykarǵı temanı tolıqtırıw ushın sóz etiledi. Olarda kóbirek qaharmanlardıń batırlıǵın, kúshin, urıstaǵı erligin, hár túrli atlanısların, bul joldaǵı qıyınshılıqların, jeńiske erisiwin, qullası, bas qaharmannıń batırlıǵın súwretlewge keń orın beriledi. Dástan qaharmanlarınıń jolı da uzaq hám qıyın, (altı ayshılıq jolı bar, úsh ayshılıq shóli bar) gúresetuǵın jawı da kóp hám shennen tıs qáwipli (qırq mıń láshker, dáwler bolıp keledi).

Batır usı qıyı jollardı qıyınshılıqlardı jeńip shıǵıwı tiyis. Dástanda batırlıqtı táriyiplewge keń orın beriledi, olarǵa bul jeńiste pirler, áwliyeler sıyaqlı qıyalıy kúshler járdemlesip baradı. “Sháryar”, “Qoblan” dástanları da usınday. Ulıwma, bul dástanlarda qaharmanlardıń asqan kúshin, batırlıǵın hám usı qásiyetleri kórinetuǵın gúrestiń kórinisin súwretlew birinshi orında turadı.

**Ashıqlıq dástanlar** (bular “liro-eposlar” dep te ataladı). Ashıqlıq dástanlarınıń tiykarǵı syujetin muhabbat máselesi tutadı. Bir-birin súygen jaslardıń júrek sezimleri, ishki dúnyası birinshi orında turadı. Ashıqlardıń sın-sımbatın súwretlewge ayrıqsha kewil bólinedi. Bularda da erlik, jawǵa qarsı gúres kóp ushırasadı, biraq, usınıń ózi shın júrekten súyiwshi jaslardıń óz maqsetlerine jetiw jolında dus kelgen qıyınshılıqlar menen gúresi sıpatında sóz etiledi.

Mısalı, “Máspatsha” dástanı mine usınday dástan. Onıń bas qaharmanları Máspatsha menen Ayparsha batırlıqta, urıs ónerin iyelewde, dushpan menengúreste, mártlik kórsetiwde ayrıqsha kózge túsedi. Olar japadan jalǵız qırq mıń láshker menen hám Alańǵasar Alıp dáw menen urısadı. Jaw qolına birneshe márte túsken Ayparsha hesh qashan dushpan aldında dize búkpeydi, óz erkin qoldan bermeydi. Máspatshaǵa degen maqsetinen hesh qaytpaydı. Jeti jerinen jaradar bolǵan Máspatsha jeti jıl boyı Ayparsha ushın tawda jasaydı h.t.b.

Ashıqlıq dástanlardıń dóreliwi óz-ózinen ápiwayı túrde dórelip, kim aytqısı kelse aytıp júretuǵın nárse emes. Qaraqalpaq baqsılarınıń repertuarına kirgen “Ǵárip ashiq”, “Sayatxan-Hamra”, “Ashıq Nájep” dástanların ayrıqsha atap ótiwge boladı. “Ǵárip ashiq” dástanı qaraqalpaqlar arasına XVIII ásir aqırı XIX ásir basında taraldı. Taralıw awızsha hám jazba túrinde bolg`an. Bul dástannın` qaraqalpaqsha versiyasınıń payda bolıwında, onıń házirgi kúnge jetip keliwinde, ataqlı shayırlardıń, baqsılardıń, sázendelerdiń miynetleri kóp. Dástannıń qoljazbadaǵı variantlarında awızshaǵa qaraǵanda anaǵurlım keń waqıyalar sóz etiledi hám jáne de qoljazbada kitabiy ádebiy til úlgisi bar. “Ǵárip ashiq” dástanınıń tiykarǵı ideyası muhabbat erkinligin jırlaw. Dástanda bir birin súygen eki jastıń ishki tuyıǵıları, olardıń dosları menen dushpanlarınıń qatnası, xan menen puxara xalıq arasındaǵı qarsılıq keńnen bayan etiledi.

Dástandaǵı barlıq waqıyalar sol dáwırdıń kóz-qarası menen súwretlengen.

**Socialliq-turmıs máselelerin sóz etetuǵin dástanlar**. Bul dástanlardıń ózgeshelikleri, tematikası, onda da qaharmanlıq, liro-epikalıq motivlerdiń ushırasıwı, biraq sociallıq-turmıs máseleleriniń basım súwretleniwi. “Sháryar” dástannıń jıynalıwı, bastırılıp shıǵıwı, awdarmaları, izertleniwi, variantları, dástannıń payda bolǵan dáwiri haqqında pikirler, ideyalıq baǵıtı, dástandaǵı baslı obrazlardan Sháryar, Ánjim, Gúlshara obrazları, Jahangir obrazi, Darapsha, Shasiwar obrazları. Dástanda turmıs haqıyqatlıǵınıń qıyal júyrikliginde súwretleniwi, dástanda ushırasatuǵın fantastikalıq jaǵdaylar. Dástannıń kórkemligi haqqında sóz etiledi.

**Tariyxiy dástanlar**. Bul tiptegi dástanlardıń liro-epikalıq, qaharmanlıq, sotsial-turmıs máselelerin sóz etetuǵın dástanlarǵa salıstırǵanda tariyxta belgili adamlardıń ómirine baylanıslı qurılıwı hám belgili dárejede tariyxiy waqıyalardı qamtıwı, biraq olardıń anıq tariyxiy hújjet bola almaytuǵını, bul tiptegi dástanlardı tariyxiy haqıyqatlıq penen qıyallawdıń, kórkemlewdiń aralasıp keliwi, tariyxiy dástanlardiń bárinen de burın kórkem dóretpe ekenligi, tariyxtı úyreniwde qosımsha derek bolıp qalatuǵını, tariyxiy waqıyalardıń urıwlıq, feodallıq dáwirdegi dúńyaǵa kóz-qarası, jıraw kóz-qarasınan “Ádilxan” tilekeleriniń bayan etiliwi. “Edige” dástanı. “Edige”niń jıynalıwı, járiyalanıwı, izertleniwi, “Edige”niń qaraqalpaq versiyasınıń qazaq, bashkir, noǵay, Qirim tatarlari t.b. versiyalarınan ózgeshelikleri, jaqınlıqları, “Edige”niń basılǵan Bekimbet jıraw, Erpolat jıraw, Qiyas jıraw variantlari, Óteniyaz jıraw, Qiyas jıraw, Jannazar jıraw, Esemurat jıraw, Jumabay jırawlardan dástannıń jazılıwı. “Edige” dástaniniń tariyxqa qatnası haqqında. Dástanniń qurilisi, obrazliliǵi, kórkem tili haqqında. “Shora” dástanı. “Shora” dástanınıń jıynalıwı hám járıyalanıwı. Onıń 1922-jılı A.Divaev bastırǵan variantı, sońǵı dáwirde folkloristler tárepinen jıynaǵan Esemurat jıraw, Óteniyaz jıraw, Seytjan jıraw, Karam jıraw, Jannazar jıraw variantları, 1995-jılı basılǵan “Ershora” dástanınıń Esemurat jıraw variantı.

Dástannıń mazmunı, ideyalıq baǵıtı, kórkemlık ózgeshelikleri bayan etilgen.

Juwmaq retinde dástanlar xalıqtıń talabın, ármanın, umtılıwların óz ishine alıp, pútini menen bir eldiń, xalıqtıń jırın jırlawǵa qaratılǵan. Dástanlarda kóbinese xalıq óziniń watandı súyiwshiligin, ádillik hám batırlıǵın jırlaydı.

**REFERENCES**

1. KEN`ESBAY ALLAMBERGENOV. QARAQALPAQ FOLKLORI BOYINSHA LEKTSIYA TEKSTLERI. NÓKIS-2012
2. K. MÁMBETOV, G. JAQSÍMOVA, R. NIETOVA ÁDEBIYAT 7-KLASS USHÍN SABAQLÍQ. NÓKIS-2017
3. Q.JARIMBETOV, J.NZAMATDINOV, I.ALLAMBERGENOVA QARAQALPAQ FOLKLORI. TASHKENT-2018
4. K. PALÍMBETOV, P. ALLASHOV ÁDEBIYAT 6-KLASS USHÍN SABAQLÍQ-XRESTOMATIYA NÓKIS-2017
5. Q.AYIMBETOV XALIQ DANALÍǴÍ. NÓKIS-1983
6. K. MÁMBETNAZAROV QARAQALPAQ AWÍZEKI DÓRETPELERI. NÓKIS-1990
7. FOLKLORISTIKA QANIYGELIGI PÁNINEN BAǴDARLAMA S. S. QAZAQBAEV, M. D. BEKBERGENOVA. NÓKIS-2024
8. S.QAZAQBAEV QARAQALPAQ SALT-DÁSTÚR JÍRLARÍ. NÓKIS-2012